

PINES LAKES ELEMENTARY SCHOOL

Susan Sasse, Principal

Amrita Balroop, Assistant Principal

10300 Johnson Street

Pembroke Pines, FL 33026

phone: 754-323-7100 • fax: 754-323-7140

www.browardschools.com/pineslakes

**The School Board of
Broward County, Florida**

Dr. Rosalind Osgood, Chair
Laurie Rich Levinson, Vice Chair

Lori Alhadeff
Patricia Good
Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Dr. Vickie L. Cartwright
Interim Superintendent of Schools

**Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)
Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon Pwofesè/Parapwofesyonèl**

August 18, 2021

Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [Every Student Succeeds Act (ESSA)], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifiye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sitiyasyon ijans (emèjensi) oswa dapre lòt klòz ki mansyone nan kontra;
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon major, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obteni diplòm/sètifikasyon, sik etid siperyè;
- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan tèst evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la 754-323-7100 epi mande pale ak Dr. Taber, pou Pines Lakes Elementary.

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

